O`zbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Qaraqalpaq tili ha`m  a`debiyatı fakul`teti

Qaraqalpaq a`debiyatı kafedrası

4«a» kurs talabası Go`zzal Embergenovanın’

**PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI**

TEMA:  XX a`sir poeziyasında A`jiniyaz da`stu`rleri

İlimiy basshı: f.i.k. E.N.Eshniyazova

No`kis 2014-jıl

# XX a`sir poeziyasında A`jiniyaz da`stu`rleri

## MAZMUNI

Kirisiw…………………………………………………………………......

I BAP . A`jiniyazdın` do`retiwshiligine ulıwma sıpatlama ha`m shayır do`retiwshiliginin` izertleniw ma`seleleri …………………….....

II BAP. XX a`sir qaraqalpaq poeziyası wa`killeri do`retiwshiliginde A`jiniyaz da`stu`rleri.......................................………………………………........

Juwmaq…..……………………………………………………………............

A`debiyatlar……………………...................................................................

# KİRİSİW

O`zbekstan Respublikası g`a`rezsizlikke iye bolg`annan son` siyasiy, ekonomikalıq, ja`miyetlik bag`darlarda ko`plegen o`zgerisler, barlıq tarawlarda da reformalar ju`z berdi. Sonın` menen birge xalqımızdın` biybaha ruwxıy baylıqların qayta tiklewge ha`m qa`dirlewge ken` jollar ashıldı.

G`a`rezsizlik ideologiyası ko`p milletli O`zbekstan xalqının` iygilikli ideyası - azat ha`m abat Watan, erkin ha`m abadan turmıs qurıw jolındag`ı a`sirlik arzıw a`rmanları, turmıslıq ideyaların o`zinde sa`wlelendiredi. Sonın` menen birge milliy g`a`rezsizlik ideyası bu`gingi tez pa`tte o`zgerip baratırg`an ta`shiwishli du`n`yada o`zligimizdi an`law, bizin` kimligimizdi, qanday ullı babalardın` miyrasına neshe mın` jıllıq tariyx, ta`kirarlanbaytug`ın ma`deniyat ha`m qa`diryatlarg`a iye ekenimizdi sezinip jasawg`a, bul baylıqtı asırap saqlaw, demokratiyalıq qa`diriyatlar, pu`tkil du`n`ya rawajlanıwının` jetiskenlikleri menen azıqlandırıp, jan`a o`sip kiyatırg`an a`wladqa xızmet etiwi tiyis.

Ha`zirgi qıyınshılıqlı sharayatta xalqımız, aldı menen o`nip-o`sip kiyatırg`an jas a`wladımız sanasında ha`m qa`lbinde ideologiyalıq immunitet payda etiw u`lken a`hmiyetke iye[1],- dep atap ko`rsetti Prezidentimiz İ.A.Karimov. Haqıyqatında da, kamalg`a jetip kiyatırg`an jas a`wladtın` sana-seziminde jaqsı, ullı tuyg`ılardı ta`rbiyalaw ba`rshemizdin` a`diwli wazıypamız, sonın` menen birge ko`rkem a`debiyattın` tiykarg`ı wazıypalarının` biri de bolıp tabıladı. Solay eken, shayır-jazıwshılarımızdın` do`retiwshiligin teren`rek u`yreniw, shayırlardın` shıg`armalarının` ta`rbiyalıq a`hmiyetin izertlew, olardın` do`retiwshiliginde payda bolg`an a`debiy da`stu`rlerdi u`yreniw arqalı qaraqalpaq poeziyasında da`stu`r ha`m jan`ashıllıq ma`selelerin teren`rek izertlew pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` aktuallıg`ın belgilep beredi.

A`jiniyazdın` shayırlıq du`n`yası, onın` do`retiwshiligi qaraqalpaq poeziyasında o`z aldına mektepti payda etti. Ha`r qanday a`debiy mekteptin`

---

[1] İ. A. Karimov Joqarı ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh, T., 2008, 156-b.

keyingi waqıtları jasawı ko`rkem so`z sheberinin` da`stu`rlerinin` dawamılılıg`ında ko`rinedi. A`jiniyaz poeziyasının` keyingi a`wlad shayırlarının` do`retiwshiligen ta`sirin, onın` spetsifikalıq o`zgesheligin qarastırıp o`teyik.

A`jiniyaz shayırdın` talantın on`ın` zamanlasları da ta`n alg`an, ma`selen, xalıq arasındag`ı ra`wiyatlar boyınsha Berdaq shayır A`jiniyazdın` milliy a`debiyatımızdın` rawajlanıwında tutqan ornın teren`rek an`ladı. Berdaq shayır A`jiniyazdın` talantına to`mendegishe baha beredi: «Eger a`piwayı adamlarg`a salıstırg`anda menin` shayırlıq ku`shim altı ese bolsa, A`jiniyazdın` shayırlıq ku`shi on eki ese ku`shli, A`jiniyaz-ag`ıp turg`an da`r`ya, al biz bolsaq tek bir bulaq».

**Jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları**

Bizin` pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` tiykarg`ı wazıypası qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatımızdın` en` talantlı wa`killerinin` biri bolg`an A`jiniyaz Qosıbay ulının` shayırlıq mektebi da`stu`relirinin` XX a`sir qaraqalpaq poeziyasında dawamlanıwın, A`jiniyazdın` shayırlıq mektebinin` qaraqalpaq poeziyasının` rawajlanıwında tutqan ornın anıqlawdan ibarat bolıp tabıladı. Ma`selen, jumıstı tayarlaw barısında XX a`sir qaraqalpaq poeziyasının` wa`killerinin` biri shayır İbrayım Yusupovtın` do`retiwshiliginin`de A`jiniyaz da`stu`rleri ma`selesine ayrıqsha dıqqat awdarıladı, İ.Yusupov poeziyasında A`jiniyaz obrazının` do`retiliw o`zgeshelikleri, eki shayır do`retiwshiligindegi temalardı salıstırıw, janrlıq formalardı analizlew arqalı İ.Yusupov poeziyasının` o`zgesheliklerin belgilew bolıp tabıladı.

Bul tiykarg`ı maqsetke erisiw ushın biz to`mendegishe wazıypalardı orınlawımız tiyis:

- birinshiden, A`jiniyaz shayır do`retiwshiliginin` qaraqalpaq a`debiyattanıw iliminde izertleniw ma`selesin u`yreniw;

- ekinshiden, A`jiniyaz shayır poeziyasının` ideyalıq-tematikalıq o`zgesheliklerinin` XX a`sir qaraqalpaq poeziyası wa`killerinin` do`retpelerine ta`sirin anıqlaw;

-u`shinshiden, A`jiniyaz shayır poeziyasında janrlıq formalardı anıqlaw ha`m usı formalardın` qaraqalpaq poeziyasında rawajlanıw bag`darların u`yreniwden ibarat bolıp tabıladı.

## İzertlew ob`ekti

Jumıstın` izertlew ob`ekti sıpatında qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatının` talantlı wa`kili A`jiniyaz Qosıbay ulının` do`retiwshiligi ha`m XX a`sir qaraqalpaq poeziyasının` wa`killerinin` izertlew ob`ekti sıpatında tan`lap alındı.

## İzertlew metodları

Jumıstı tayarlaw barısında tiykarınan ko`rkem shıg`armanı tallaw metodı, salıstırıw metodlarınan paydalanıldı.

## Jumıstın` du`zilisi

Jumıs kirisiw, tiykarg`ı eki bap, juwmaq ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen turadı.

## I BAP.A`jiniyazdın` do`retiwshiligine ulıwma sıpatlama ha`m shayır do`retiwshiliginin` izertleniw ma`seleleri

1.A`jiniyaz Qosıbay ulı (a`debiy laqabı Ziywar) XIX-a`sir qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatının` ko`rnekli wa`killerinin` biri bolıp tabıladı. Onın` doretiwshiligi o`zine ta`n o`zgeshelikke iye, og`ada talantlı, oqımıslı, o`z poeziyasında Ku`nshıg`ıs klassikalıq a`debiyat wa`killerinin` da`sturlerin engize alg`an ko`rkem so`z sheberlerinin` biri bolıp tabıladı.

A`jiniyaz shayır (1824-1878jj.) Moynaq rayonı aymag`ına qaraslı «Qamıs bo`get» degen jerde tuwıladı. A`jiniyaz jasınan ziyrek bolıp, da`slep awıllıq meshitte keyin ala Elmurat axun ta`rbiyasında bolıp, son`ın ala Xiywadag`ı Sherg`azıxan medresesinde ta`lim aladı. A`jiniyaz kishkene waqtınan baslap anasınan xalıq awızeki do`retpelerin u`yrenip, ilim-bilimge qızıg`ıwshılıg`ı artqan bolsa, keyin medresede oqıg`an da`wirinde pu`tkil Shıg`ıs du`n`yası menen tanısadı. Bul haqqında N.Da`wqaraev, X..Xamidovtın` tastıyıqlawshı ilimiy miynetleri bar.

A`jiniyaz shıg`armalarınan «Qız Men`esh penen aytısı» birinshi ret Tashkent qalasında arab shrifti menen shıg`atug`ın «Tu`rkistan walayatı» gazetasında 1878-jılı ja`riyalanadı, shayırdın` «Bozataw» poeması S.Ma`jitov ta`repinen 1925-jılı shıg`arılg`an «Egedeler sawatı» sabaqlıg`ında ja`riyalandı. Shayırdın` en` birinshi qosıqlar toplamı 1949-jılı baspadan shıg`adı.

A`jiniyaz shıg`armaların xalıq arasınan jıynawda S.Ma`wlenov penen Sh.Xojaniyaxzovlardın` miynetleri ayrıqsha, sonın` menen birge shayır shıg`armaların el arasınan jıynap, baspadan shıg`arıw ha`m onı xalıqqa tanıstırıwda a`debiyatshılardan Q.Ayımbetov, İ.Sag`ıytov, O.Kojurov, A.Murtazaev, Q.Bayniyazov, K.Ma`mbetovlardın` miynetleri salmaqlı.

A`jiniyazdın` 1975-jılı shıqqan toplamına İ.Yusupovtın` «Dala Orfeyi» degen maqalası alg`ı so`z tu`rinde beriledi. «A`yyemgi grek miflerinin` birinin` qaharmanı Orfey degen sazende jigit o`z su`ygeni Evridikanın` ıshqında du`n`yanı saz benen jan`latadı. Biraq bir ku`nleri Orfey baxıtsızlıqqa duwshar boladı, onın`

su`ygen qızın jılan shag`ıp o`ledi, qayg`ılı Orfey o`z muxabbatın joqlap o du`n`yag`a ketedi, jer astı patshası Aidqa onın` shertken ilahiy naması unat qaladı, onın` da`rtine dawa bermekshi bolıp, eger sha`rtler orınlansa Orfeydin` su`yiklisi Evridika bul du`n`yag`a tirilip  qayta jasaw mu`mkinshiligi tuwıladı. A`jiniyazdın` lirikasıda usı Orfeydin` naması menen ten`lestiriledi.

A`jiniyaz-dala Orfeyi degen atqa iye boladı.

A`jiniyaz shıg`armalarının` ideyalıq-tematikalıq o`zgeshelikleri haqqında K.Ma`mbetovtın` «A`jiniyaz» monografiyasında pikirler bildirilgen, onın` shıg`armaları watan, muhabbat, aqıl-na`siyat,filosofiyalıq dep bo`linedi, sog`an qosımsha shayırdın` yumor-satiralıq qosıqları bar ekenligin aytıp o`tiwimiz tiyis.

«Ellerim bardı», «Bardur», «Boladı», «Bolur» ha`m basqada shıg`armaların watan, el-jurtı haqqında patriotlıq sezimlerge tolı qosıqları sıpatında ta`n alıwg`a boladı.

«Ellerim bardı»

Sorasan` elimdi Qojban bizlerden,
Qalpag`ı qazanday ellerim bardı,
Qa`te shıqsa keshirin`ler so`zlerden,
Qıtay, Qon`ırat  atlı ellerim bardı.

Jaylawım U`rgenish, arqası ten`iz,
Jawırını qaqpaqtay malları semiz,
Ruxsatsız bir-birine salmas iz,
Birlikli Qon`ırattay ellerim bardı.

Tabıladı izlegennin` keregi,
Ko`linde bar qasqaldag`ı u`yregi,
Quwları, g`azının` pu`tin bu`yregi,
Du`n`yanın` an`ları ko`limde bardı.

O`tirikti ıras etip aytpag`an,

Tuwrı joldan bas ketsede qaytpag`an,
Na`ma`hra`mdi hasla joldas tutpag`an,
Atı qaraqalpaq ellerim bardı.

So`ylegende sheker eter so`zin`di,
Ko`rgende biymag`rur eter o`zin`di,
Ba`ha`ri toydırar eki ko`zin`di,
La`yli, Zula`yxaday qızları bardı[2].

Shayırdın` aqıl-na`siyat qosıqlarına «Kerek», «Bolmasa», «Taxt u`stinde turg`an a`dil sultanlar», «Megzer», «Jaqsı» t.b. kiredi.

«Jaqsı» qosıg`ı

Adam ulı adam qa`dirin bilmese,
Onnan du`zde otlap ju`rgen mal jaqsı,
Aytqan so`zdin` mag`anasın bilmese,
Ol adamnan tilsiz o`sken lal jaqsı.

Du`n`yag`a shıqqan son` bergey qudayı,
Den-sawlıqtın` bolmas hesh ten`i-tayı,
Ha`r kimnin` o`zine Mısırdı jayı,
Shu`kir-sa`na etin`, qa`dirin bil jaqsı.

Kisinin` yarına ku`lip baqqannan,
Shıbın janın qıynap otqa jaqqannan,
O`z boyın`a tu`rli nasaq taqqannan,
O`z yarın`nın` ta`rbiyasın ber jaqsı.

Giyne qılıp jurttı taslap ketkennen,
Qa`dirin bilmes jerde xızmet etkennen,
Jat ellerde mu`sa`pirlik shekkennen,
Urıp-so`gip qorlasa da el jaqsı.

A`jiniyaz shayır do`retpelerinin` arasında ayrıqsha dıqqatqa ılayıq shıg`armalar muxabbat qosıqları bolıp tabıladı. «Go`zzallar», «Bir ja`nan», «Ha`r kimsenin` yarı bolsa…», «Yoq menin`» t.b. qosıqların atap o`tiwge boladı.

«Go`zzallar» qosıg`ı

Qıya baqıp menin` janımdı alıp,

---

[2] A`jiniyaz Tan`lamalı shıg`armaları No`kis 1988, 26-b

Yuz mın` jilwa menen shıg`ar go`zzeller,
Yu`regime ada bolmas ot yaqıp,
Menin`  janım otqa yaqr go`zzallar.

Tırnadek otırıp, sonadek yu`rgen,
Yu`z mın` jilwa menen qabag`ın kergen,
Shashlarına lag`lı marjan o`tkergen
Mın` tu`men naz bila`n baqar go`zzallar.

Qara ko`zi ga`whar kibi jawdırap,
Kiygen tonı ko`rgen sayın jaltırap,
O`n`ir monshaq, ha`ykel tag`ıp sıldırap,
Su`zip qa`lem qasın qaqar go`zzallar.

Haytta, merekede jigit jıyılsa,
Ku`ni-tu`ni birdeyin tamasha bolsa,
Sol zamanda qızlar sallana kelse,
Janı ashıp, ko`zin tiker go`zzallar.

Yar sarayı da`wran on to`rt yashında,
Qızlar yu`rer digre-dashında.
Aytar Ziywar yar sawdası bashında,
Ayttım su`ygenimnen bunı go`zzallar[3].

Al shayırdın` filosofiyalıq shıg`armalarında bolsa avtordın` insan, onın` o`mirdegi ornı, turmıs, jaqsılıq penen jamianlıq ha`m t.b. haqqında jeke pikirleri sa`wleleniwin tabadı. Ma`selen, «Bul du`n`yanın` ko`rki adam balası, Sol

[3] A`jiniyaz Tan`lamalı shıg`armaları No`kis 1988, 4-b

adamnın` ko`kke jeter nalası» degen qatarlar arqalı shayır qanday pikirlerdi aytpaqshı boladı, yaki bolmasa: Qasqaldaqqa bir ag`arı may pitse.

G`an`qıldasıp qonar ko`lin tanımas,

Patshanın` da`wleti qaytayın dese,

Ko`zine may pitip, elin tanımas. –bul qatarlar arqalı shayır ne demekshi?

Solay etip, A`jiniyaz shayır do`retpeleri ideyalıq-tematikalıq bag`darları boyınsha sha`rtli tu`rde muhabbat lirikası, didaktikalıq lirika, filosofiyalıq lirika, patriotlıq yaki bolmasa watan haqqındag`ı qosıqlar bolıp bo`linedi.

A`jiniyaz qaraqalpaq klassikalıq poeziyasının` talantlı wa`kili bolıp tabıladı, onın` poeziyasında ha`r qıylı janrlıq formadag`ı shıg`armalardı ushıratamız. Biraq A`jiniyaz do`retiwshiligindegi tiykarg`ı janrlıq forma bul to`rt qatarlı jaydarı qosıq forması bolıp tabıladı.

Shayırdın` Shıg`ıs poeziyası u`lgisinde jazg`an qosıqlarınan muxallesslerdi, ma`selen «Qız Oraz», «Oyan», «Beri kel», «Ay a`lip» qosıqların atap o`tiwge boladı. Muxallesler tematikası boyınsha muxabbat lirikasın kiriwshi shıg`armalar bolıp, olardın` tiykarg`ı o`zgeshelikleri en` keminde on to`rt buwınlı bes qatardan turıwshı qosıq forması bolıp tabıladı.

«Oyan» muxallesi

Nıspı sha`b keldim qashın`a, nazlı jananım oyan,
Sham-shıraq yaqtım bashın`a, nuwrı a`nwarım oyan,
Ko`zla`rimnin` ra`wshanı, ol mahı tabanım oyan,
Yolında zar a`ylegen, a`y misli a`fg`anım oyan.
Men senin` keldim qashın`g`a, ra`him et, janım oyan.

Buw sa`ha`r bag`ın`a keldim, biyma`ha`l yolg`a tu`ship,
Wa`deme etsem diyip, ga`hi ju`rip,ga`hi ushıp,
Biyxabar siz yatıpsız, altın tu`gme ba`ntin sheship,
Kewlim ister kirmekti, ja`nnet kibi qoynın` ashıp,

Qoyma bunsha zare tip, ko`zin`di ash, yarım, oyan.[4]

A`jiniyaz do`retiwshiliginde shıg`ıs poeziyasında ken`nen tarqalg`an janrlıq formasının` ko`rinisin tabamız. Bul:

Qasqaldaqqa bir ag`arı may pitse.

G`an`qıldasıp qonar ko`lin tanımas,

Patshanın` da`wleti qaytayın dese,

Ko`zine may pitip, elin tanımas[5].

Qosıq belgili bir filosofiyalıq mazmung`a iye bolıp, biraq klassikalıq Ku`nshıg`ıs poeziyasındag`ı rubayı formasının` uyqasına qoyılatug`ın talaplar orınlanbag`an, klassikalıq formada uyqaslar aaba yaki aaab sxemasında kelgen bolsa, A`jiniyazdın` qosıg`ında abab (pitse-dese, tanımas-tanımas) sxemasında uyqasıqtı payda etip turıptı. Sonın` menen birge A`jiniyaz do`retiwshiliginde liro-epikalıq shıg`arma, yag`nıy «Bozataw» poeması payda boldı. Poema janrının` o`zgeshelikleri?

«Bozataw» poeması A`jiniyaz do`retiwshiliginin` en` joqarg`ı shın`ı bolıp tabıladı. Bul poema qaraqalpaq xalqının` tariyxında o`shpes iz qaldırg`an tariyxıy waqıya 1858-1859-jıllardag`ı Qon`ırat ko`terilisi waqıyaları tiykarında jazılg`an. O`zlerinin` ma`kan etip otırg`an jerlerinen ayrılıp, dushpanlar aldında aydalıp baratırg`an xalıq penen shayır birge bolg`an. A`jiniyaz do`retiwshiliginde «Bozataw» poeması tuwılg`an jerge bolg`an muxabbatı, ayralıqtın` awır da`rtleri sebepli payda bolg`an. Bul lirikalıq momentler shayırdın` shıg`armasında:

Jer ha`m el bilendur, el ha`m jer bila`n,

Jersiz eldin` ku`ni da`rba-da`r bilen,

O`miri o`ter ju`rektegi sher bilen,

Qa`dirin` senin` bizge o`tti, Bozataw[6]-degen qatarlar arqalı berilip, watang`a bolg`an su`yispenshilik, izzet-hu`rmet, tuwılg`an jerdin` qa`dir-qımbatı haqqında o`z sezimlerin bayan etedi.

---
4
5
6

Sen bag` edin`, bu`lbil ushtı, zag` qaldı,
Pu`tkil siynem jandı, ishte dag` qaldı,
Qıysıq Porqan aman, seni jaw aldı,
Bası qutlı son`ı wa`yran, Bozataw[7].

Mısalg`a alıng`an qatarlar arqalı shayır ne demekshi?

Qaraqalpaq xalqının` o`z azatlıg`ı ushın gu`resinde dushpanlarg`a ku`shleri jetpey jigitleri bende, a`sir bolıp, al qızları shorı bolıp satılıp, qan qaqsap jılap qalg`an kartinası ko`z aldımızg`a elesleydi. Shayırdın` poemasındag`ı gumanizm ideyası da ju`da` ku`shli, o`z xalqın, elin, tuwg`an jerin jan-ta`ni menen su`yiwshi lirikalıq qaharman obrazı arqalı jetkeriledi.

19 a`sir orıs xalqının` ja`miyetlik o`mirinde de u`lken tariyxıy waqıyag`a tolı da`wir edi. A`sirese, 1825-jılg`a dekabristler ko`terilisinen keyin rus poeziyası azamatlıq zor pafosqa iye boldı. Aldın`g`ı qatardag`ı ko`p g`ana shayırlardın` qosıqlarında siyasiy ja`miyetlik ideya ken` orın aldı. Ol da`wirde K.F.Rıleev «Men shayır emespen, men azamatpan» dep jazdı. Ha`m bul ideyag`a orıs shayırları tolıg`ı menen isenip, o`zinin` barlıq do`retiwshiligin arnadı. Dekabrist-shayırlardın`, a`sirese, K.Rıleevtin` pikirleri orıs shayırları menen ja`miyetlik islerge ayrıqsha ta`sirin tiygizdi. Olardın` poeziyasında siyasiy ideyalıq ma`sele birinshi orında turdı. Usının` na`tiyjesinde orıs poeziyasında «iskusstvo iskusstov ushın» degen su`ren ornına «iskusstvo xalıq ushın» degen su`ren, yag`nıy siyasiy-ja`miyetlik bag`dar tu`s alıp u`stemligin su`rdi.

Mine, sol da`wirge zamanlas bolg`an A`jiniyazdın` do`retiwshiliginde de siyasiy ma`sele ken` tu`rde sa`wlelendi. Onın` lirikalıq qosıqları u`lken filosofiyalıq oyg`a qurılg`an shıg`armalar da`rejesin aldı. Shayır qaraqalpaq a`debiyatında Shıg`ıs klassikalıq poeziyasının` ken` ko`lemde taraldg`an lirikasının` muxammes janrın alıp keliw menen birge ol kara qalpaq poeziyasına Shıg`ıstın` romantikalıq obrazın teren`nen sin`dirip bardı ha`m qaraqalpaq

7

klassikalıq a`debiyatın ko`rkemlik ha`m mazmunlıq jaqtan bayıtqan shayır da`rejesine jetisti ha`m qaraqalpaq a`debiyatın jan`a basqıshqa ko`terdi.

Juwmaqlastırıp aytqanda, A`jiniyaz shayır do`retiwshiligi qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatında salmaqlı orın iyeleydi.

## II BAP. XX a`sir qaraqalpaq poeziyası wa`killeri do`retiwshiliginde A`jiniyaz da`stu`rleri

A`jiniyazdın` shayırlıq du`n`yası, onın` do`retiwshiligi qaraqalpaq poeziyasında o`z aldına mektepti payda etti. Ha`r qanday a`debiy mekteptin` keyingi waqıtları jasawı ko`rkem so`z sheberinin` da`stu`rlerinin` dawamılılıg`ında ko`rinedi. A`jiniyaz poeziyasının` keyingi a`wlad shayırlarının` do`retiwshiligen ta`sirin, onın` spetsifikalıq o`zgesheligin qarastırıp o`teyik.

A`jiniyaz shayırdın` talantın on`ın` zamanlasları da ta`n alg`an, ma`selen, xalıq arasındag`ı ra`wiyatlar boyınsha Berdaq shayır A`jiniyazdın` milliy a`debiyatımızdın` rawajlanıwında tutqan ornın teren`rek an`ladı. Berdaq shayır A`jiniyazdın` talantına to`mendegishe baha beredi: «Eger a`piwayı adamlarg`a salıstırg`anda menin` shayırlıq ku`shim altı ese bolsa, A`jiniyazdın` shayırlıq ku`shi on eki ese ku`shli, A`jiniyaz-ag`ıp turg`an da`r`ya, al biz bolsaq tek bir bulaq».

Talantlı qaraqalpaq shayırlarınan biri bolg`an İ. Yusupov A`jiniyazg`a bolg`an shın ıqlasın bılay ta`ripleydi:

Juldızlardı jerge u`n`iltpek bolsan`,
Jaman shayırlardı tu`n`iltpek bolsan`,
Eger men o`lgende tiriltpek bolsan`,
Ayt, sen, A`jiniyazdın` qosıqlarınan!

A`lbette, shayır o`lse de onın` so`zi o`lmewi sha`rt. Shayır ta`biyattın` buyrıg`ın orınlaw menen sheklenbey, ja`miyettin` (halıqtın`) tilegin orınlay almasa, «jayılmasa so`zi xalıqqa, shayır go`ne tamg`a megzer» (A`jiniyaz) bolıp qala beredi. A`jiniyazdın` bul so`zleri shayır aldında u`lken wazıypanın` bar ekenligin an`latadı.

XX a`sirde qaraqalpaq halqının` ma`deniyatı rawajlanıwının` jan`a bag`darın aldı. Al usı da`wirde ko`rkem a`debiyat qalay bolıwı kerekligi jo`nindegi ma`sele bizin` jazıwshı, shayırlarımız benen a`debiyatshılarımız aldında u`lken problemalıq ma`sele bolıp turdı. Usı ma`seleni sheshiwde birinshiden, klassiklerdin` a`debiyat ha`m isskustvo tuwralı pikirleri, ekinshiden, rus

a`debiyatının` u`lgileri, u`shinshiden, eski  qaraqalpaq a`debiyatının` miyrasları, a`sirese, onın` fol`klorı, jazba a`debiyatının` wa`killeri Jiyen jıraw, Ku`nxoja, A`jiniyaz, Berdaq, O`tesh ha`m tag`ı basqa shayırlardın` klassikalıq poeziyasının` hasıl u`lgileri  olardın` ko`rsetkish juldızı boldı.

XX a`sir shayırları realistlik shıg`armalar arqalı realizm metodına qaray ilgerilewge bet aldı. Degen menen olar ha`r bir qa`deminde qaraqalpaq folk`lorı menen jazba a`debiyatının` u`lgilerinen o`rnek almastan, alg`a qarap ilgerilep adım atlay almadı. A`sirese, jan`a hu`kimettin` da`slepki jıllarında  klass dushpanların ideyalıq jaqtan da qıyratıwg`a, sonday – aq jan`a adamdı ta`rbiyalawda eski ja`miyetlik du`zimdi sıng`a alg`anda, jas qaraqalpaq a`debiyatının` shıg`armaları ideologiyanın`  o`tkir quralı bolıp ja`rdem etti.

Qaraqalpaq xalqının` basınan o`tkergen ayanıshlı o`mirin tu`sindirgende, Jiyen jırawdın` «Posqan el»in, Xiywa xanının` despotizmin sıng`a alg`anda, A`jiniyazdın` «Bozataw», Berdaqtın` «Aydos baba», «Ernazar biy», «Aqmaq patsha» poemalarının` roli  og`ada ullı boldı. A`sirese, A`jiniyazdın` shayırlıq pafosı qaraqalpaq poeziyasının` o`sip rawajlanıwına zor ta`sirin tiygizdi. Onın` na`zik lirikalarının` sırları qaraqalpaq shayırlarının` do`retiwshiligine ruuxıy azıq berdi. Qaraqalpaq a`debiyatında ko`rnekli rol` atqarg`an qaraqalpaq xalıq shayırı Abbaz Dabılov, Sadıq Nurımbetovqa arnag`an qosıg`ında :

Xalıq ushın torladın` ha`rbir so`z benen,
Qıyalap ko`p qarap alg`ır ko`z benen,
A`jiniyaz, Berdaqtan qalg`an so`z benen,
Qosıq stillerin tapqan shayırsan`!

dep tilge aladı. Bunın` o`zi qaraqalpaq shayırları Abbaz ha`m Sadıq shayırlardın` tiykarg`ı ustazları birinshi gezekte A`jiniyaz benen Berdaq ekenligin de tastıyıqlaydı.

A`jiniyazdın` qosıq qatarları menen qaraqalpaq xalqının` xalıq shayırlarının` lirikalıq qosıq qatarları, tematikalıq ma`nisi jag`ınan bir-birine og`ada jaqın keledi.

A`jiniyazdın`: Ishqı sharabın ishma`yin,
Shiyrin janınan keshma`yin,

Yurtınan ayra tushma`yin,
Ne bilsin elinin` qa`dirin (A`jiniyaz Shıg`armaları No`kis 1975, 95-bet)
-degen qatarları Abbaz Dabılovtın`:
El gezgendi el demegen,
Kirip barsa kel demegen,
Ja`ziyrada sho`llemegen,
Sharaptın` qa`dirin bilmes (A.Dabılov Shıg`armaları 2-tom, No`kis 1967, 16-bet)

A`jiniyaz XIX a`sirdin` shayırı bolsa, A.Dabılov XX a`sirdin` shayırı. Eki shayırdın` arasında waqıt jag`ınan bir a`sirlik parıq bar. Shıg`armalarına qarag`anda eki shayırda haqıyqıy turmıstı su`wretleydi. Tiykarında eki shayırda ob`ektti so`z etiw usılı birdey ko`rinedi. Bul olardın` uqsas ta`repleri bolıp tabıladı. Al A`jiniyaz shayır o`zinin` lirikalıq meni arqalı so`z etse, Abbaz shıg`armasının` personajı tilinen so`z etiw xarakteri jag`ınan biri-birenen ajıralıp turadı. Ma`nisi jag`ınan qatarlardag`ı so`zler eki shayırg`a da ten`dey xızmet etedi. Bunda degen menen A.Dabılov A`jiniyazdın` ideyaların dawam ettirip, o`z mu`ta`jine jarata bilgen sheberligi menen ajıralıp turadı.

Sonday-aq A`jiniyaz benen A.Dabılovtın` qosıq qatarları o`z-ara mazmunı jag`ınan jaqın bolıp g`ana kelmey, onın` so`z uyqasıg`ı da naqma-naq keledi.

XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatı ko`p a`sirlik fol`klorlıq, klassikalıq qaraqalpaq a`debiyatındag`ı bay da`stu`rlerge su`yene otırıp payda bolg`an ha`m sol da`stu`rlerdi jan`artıw arqalı rawajlanıp barg`an. A`jiniyaz shayırdın` a`debiyattag`ı da`stu`rleri XX a`sir qaraqalpaq poeziyası wa`killerinin` do`retiwshiliginde paydalanılg`an ha`m rawajlanıwın tapqan.

XX a`sir qaraqalpaq poeziyasında bolsa A`jiniyaz da`stu`rlerin o`zlestirgen shayırlardın` biri sıpatında Ayapbergen Muwsaevtı atap o`tsek boladı.

A.Muwsaev do`retiwshiligin izertlewshi ilimpazlardın` pikiri boyınsha, ma`selen, N.Japaqovtın` «Ayapbergen Muwsaevtın` tvorchestvosı»[8] degen miynetinde informatorlardın` bergen mag`lıwmatlarına qarag`anda Ayapberegen shayır A`jiniyazdın` derlik barlıq qosıqların yadqa bilgen ha`m onın` ko`pshilik

---

[8] N.Japaqov Ayapbergen Muwsaevtın` tvorchestvosı, No`kis 1963

qosıqları A`jiniyazdın` do`retpeleri ta`sirinde jazılg`an. A`jiniyaz shıg`armalarının` ideyalıq, ko`rkemlik ha`m stillik ta`siri Ayapbergen Muwsaev do`retiwshiligine ayrıqsha ta`sir jasag`anlıg`ın atap o`tedi. A`jiniyaz menen Ayapbergen shayır do`retiwshiliginde qollanılg`an leksikalıq ha`m seslik uqsaslıqlardı ko`plep ushıratıwg`a boladı. Mısalı, «bila`n», «oynayıp», «shul», «yoqdur», «qantu-nabat», «duxtar», «qa`ddin du`zep» ha`m t.b. A`jiniyaz shayırdın` «kirpigi oq, onın` kashları kaman» qatarları Ayapbergende «kirpigi oq kibi qashları kaman» dep ta`kirarlanadı. Ayapbergen shayır do`retiwshiligindegi portretlik sıpatlamada A`jiniyaz sızg`an portretler menen sa`ykes keledi, sonın` menen birge shayırlardın` qaharmanlarının` tek sırtqı kelbeti g`ana emes, al ideyalıq-estetikalıq sıpatları, qaharmanlardın` ruwhıy du`n`yası da biri-birine ju`da` uqsas bolıp keledi.

A`jiniyazdın` «Bolmasa» qosıg`ı:

Yigittin` shiyrin til hayalı bolsa,
U`yine qıdırıp, mehmanı kelse,
Alg`anı sallanıp barını berse,
Mehman ku`tse, bashqa isi bolmasa.

Al Ayapbergende «Shul qızdın`» qosıg`ında bolsa:

Miyman kelse, yukirip atın tutqanda,
Xosh keldin` dep, mıyıq berib baqqanda,
Qaddin bu`gip, u`yden kirip shıqqanda,
Bir qıldan yin`ishke beli shul qızdın`.

Ko`rip turg`anımızday eki shayırda hayallarda birdey morallıq sıpatlardı, yag`nıy qaraqalpaq xalqına ta`n bolg`an miymandoslıq, sıpayılıq belgilerdi ko`rsetedi ha`m o`z shıg`armalarında oqıwshı qa`wimine sol o`zgesheliklerdi jetkerip bere aladı.

Eki shayırdın` jazıw stili biri-birine ju`da` jaqın bolıw menen birge, ha`tte, qosıq qatarlarındag`ı bir qansha so`zlerdin` de birdeyligin ko`riwge boladı. Mısalı, A`jiniyaz benen Ayapbergennin` poeziyasında «Yaranlar» qosıg`ın alıp qarastırayıq:

Xojaniyaz qayqının` u`yin sorag`lap,

Aqbawlı bir u`yge tarttıq qarawlap,

Ha`r kim o`z atını arbag`a bag`lap,

U`yge taman qa`dem urdıq, yaranlar[9].

Ayapbergennin` «Yaranlar» qosıg`ınan:

So`rko`ldi, qıyattı kelip aralap,

Qaydasan` dep Ko`k aral menen Keshu-jap,

Jol boyınsha qızdın` elin sorag`lap,

Qıznın` elatına keldi, yaranlar[10].

Mine, joqarıda ko`rinip turg`anınday, eki shayırdın` da birdey atamadag`ı qosıqtı jazıwı, sol shıg`armanı do`retiw barısında birdey so`zlerdi paydalanıwının` gu`wası bolamız. Bull jerde eki shayırda «sorag`lap», «bag`lap», «qarawlap» degen so`zlerdi paydalanadı.

Ayapbergen Muwsaevtın` «Ta`riyp» degen qosıg`ı A`jiniyaz shayırdın` «Bardur» degen qosıg`ının` ta`sirinde jazılg`an desek qa`telespeymiz.

«Yigit gezer dawam qısh bila`n yazı,

A`rebi atlar minip a`lginde bazı,

İzinde qulaqlı, shashaqlı tazı,

Sag`rısında za`rba`p ju`nleri bardı[11]

Ayapbergen shayırda:

Biyleri bar tawdan atın sekirtken,

Joldas etken belli-belli jigitten,

At shawıp, qus salıp tazı yu`girtken,

Ullı-ullı begler qaraqalpaqta[12]

Ayapbergen Muwsaevtın` bul qosıg`ı 1910-jılı jazılg`an, biraq A`jiniyaz benen Ayapbergennin` qosıq qatarlarının` ideyalıq jag`ı birdey bolg`an menen ondag`ı so`zlerdin` qurılısı ten` kelmeydi. A`jiniyaz «qus» degen so`zdi «baz» dep keltirgen ha`m qosıq qatarındag`ı uyqaslar usı so`z tiykarında qurılg`an, degen

---

[9] A`jiniyaz Tan`lamalı shıg`armaları, No`kis 1988, 43-bet

[10]

[11] A`jiniyaz Tan`lamalı shıg`armaları, No`kis 1975, 95-bet

[12] A.Muwsaev Shıg`armaları, No`kis 1960, 107-bet

menen qosıq qatarındag`ı is ha`reket eki shayırda da janlı kartina menen berilgen. Qosıqtın` tiykarg`ı motivi el ta`biyatın, da`stu`rin zor maqtanısh penen bayanlap beriw bolg`an. Ayapbergen shayır qrosıqtı to`mendegi qatarlar menen juwmaqlaydı:

G`a`rip aytar o`tti neshe ja`ha`nger,
Ha`r kim elin jaman demes, jaqsı der,
Mir A`liysher, Jiyrenshege taqabbil,
Ataqlı shayırlar qaraqalpaqtadı[13]

-dep tamamlaydı. Ha`m A`jiniyaz sıyaqlı qaraqalpaq shayırların A`liysher Nawayıg`a ten`eydi, yag`nıy o`zinen burıng`ı shayırlardı ustaz dep tanıydı.

Qaraqalpaq a`debiyatında belgili lirik shayır sıpatında tanılg`an M.Da`ribaevtın` qosıq qatarlarında A`jiniyaz poeziyasının` ayırım da`stu`rleri ushırasadı.

A`jiniyazda:

Yoq edim, bar boldım, kamala keldim,
Minip a`rebi atlar, da`wranlar su`rdim,`
Nanın`dı ko`p jedim, ra`ha`tin ko`rdim,
Xo shaman bol, bizden qaldın` Bozataw[14]

M.Da`ribaevta:

Sende men tuwılıp kamalg`a keldim,
Janıma jasımnan ku`sh-quwat berdin`,
Jerin`nen, suwın`nan ra`ha`t ko`rdim,
Janıma jag`ımlı samalın` senin`[15].

Bul eki shayır eki da`wirdin` adamı. Ekewin biriktirip turg`an tuwılg`an jerge bolg`an muhabbat. Bull qosıqlardag`ı uyqaslar biri-birine uqsas, A`jiniyazda o`mirdin` awır tragediyalıq qubılısı eleslese, M.Da`ribaevta Watang`a bolg`an

---

[13] A.Muwsaev  Shıg`armaları, No`kis 1960, 107-bet

[14] A`jiniyaz Tan`lamalı shıg`armaları, No`kis 1975, 95-bet

[15] M.Da`ribaev Tan`lamalı qosıqlar ha`m poemalar, No`kis 1954, 26-bet

muhabbattın` ishki sezimleri zor lapız benen berilgen. Eki shayırdın` qosıqlarındag`ı uqsaslıqlardı alıp qarayıq:

«Elatın` **serpilip** u`stin`nen ko`shti» (A`jiniyaz)

«Qara bult **serpilip** u`stin`nen bu`gin» (M.Da`ribaev)

«Sen bag` edin`, bu`lbil ushtı, zag` qaldı» (A`jiniyaz)

«Sayradı bag`ında sesli bu`lbilin`» (M.Da`ribaev)

Bul qatarlarda M.Da`ribaev A`jiniyazdın` qosıqlarındag`ı ideyalardı bu`gingi jan`a zamang`a baylanıstırıp bere aladı. Bull da`stu`rlerdin` o`zi M.Da`ribaevtın` poeziyasındag`ı sheberliktin` artıwına A`jiniyaz da`stru`rlerinin` ku`shli ta`sir jasag`anlıg`ınan derek beredi.

## İ.Yusupov poeziyasında A`jiniyaz da`stu`rleri

«Ju`reklerge jol izlep» degen atama menen İ.Yusupov shıg`armalarının` 1992-jılı baspadan shıqqan eki tomlıg`ına jazılg`an alg`ı so`zinde to`mendegishe pikirlerdi bildiredi:

Ha`zirgi ja`riyalılıq da`wirinin` tili menen aytqanda, shayır da o`z "platformasın" ja`riyalawg`a haqılı. Shıg`ıstın` ha`m Batıstın` qol jetken shayırlıq g`a`ziynelerin bir kisidey izlep tawıp oqıymız, u`yrenemiz, su`ysinemiz. Olardın` jollarına da ka`lem sınawlar bolıp turadı. Biraq jeme-jemege kelgende o`zim qolım jetken su`wretshillikti Berdaq, A`jiniyazlar o`lmes shıg`armaların do`retken qa`dimgi "qosıq" jolın jetilistiriw ushın jumsawg`a ha`reket qılaman.

A`jiniyazdın` qosıqların esitkende insan kewli la`zzetke bo`lenip, «qayta bastan go`ne da`rti qozg`alıp, o`mir su`riwge ha`wesi artadı, ruwhında bir jiger payda bolıp, qıyalına qanat pitedi. O`ytkeni, bul shayır xalıq ju`reginde ruwhıy sulıwlıq tımsalına aynalg`an.

İ.Yusupov do`retiwshiliginde A`jiniyaz da`stu`rleri ha`r qıylı formalarda ushırasadı, en` birinshi, shayır obrazının` İbrayım Yusupovtın` ko`rkem shıg`armalarında sa`wleleniw tapqan. Ekinshiden, İ.Yusupovtın` publitsistikalıq maqalalarında A`jiniyaz shayır obrazı payda bolg`an.

Biz da`slep jumısımızda usı ma`selelerdi qarastırıp o`temiz.

1.İ.Yusupovtın` ko`rkem shıg`armalarında A`jiniyaz obrazının` payda bolıwı

a) İ.Yusupovtın` «A`jiniyazdın` monologi» shıg`armasında shayır obrazının` sa`wleleniwi

**A`jiniyazdin` monologi**

*Bir kishkene eldin` shayiri bolsam da,*
*Men ulli islerdin` parqin bilgenmen.*
*Tikenekli tar soqpaqtan barsam da,*
*Talay u`lken joldan ju`rip ko`rgenmen.*

Shayirdin` bul monologinda A`jiniyazdin` bir kishkene elden shig`ip otirg`an shayir ekenin ayta kelip, onin` tikenekli tar soqpaqtan ju`rgenligin, biraq onin` ko`p ellerdi, ko`p na`rselerdi ko`rgenligin, aytisqa tu`skenligin, bul aytista qazaqtin` shayiri Qiz Men`esh penen aytisqanin aytip tur.

Shayirdin` ilim jolinda qalmay izlengenin aytadi. Shayirdin` «Sel qushag`inda» qosig`inda o`mir ha`m a`rmanlar menen talasip jirlag`an qosig`i bolip insan paziyletin aship bergen.

«Ilmi mag`ribetten haqiyqat izlep» qosig`inda o`zinin` oqig`an Qutlimurat inaq, Sherg`azixan medreselerin ha`m ustazlarin ta`riyplep jazg`an.

*Ilmi-mag`rifetten haqiyqat izlep,*
*Men sonda «Gumbezi dawwar» ko`rgenmen.*
*Ahli danishlardan ta`limat izlep,*
*Talay ulli ma`jilislerge kirgenmen.*

Ha`tteki usi medresenin` sirtqi ko`rinisin «Gu`mbezi dawwar» dep ta`riyp beredi. Aqiliy danishpanlardin` ta`liymatin izlep ma`jilislerine kirgen. Biraq bular zaman talabina aqili jetpegeni haqqinda aytip o`tken. Adamlardin` nalishlarin so`z etip o`tedi. Qa`lbinin` to`rinde Watan sag`inishi za`n` urip turg`an.

*Ah, qiriq o`rim shashlar, qos-qos burimlar.*

Bul qosig`inda shayir qaraqalpaq qizlarin ta`riyplep jazg`an. Olardin` iybeliligi, suliwlig`i, o`rim-o`rim shashlari so`zge sheshenligi haqqinda aytip o`tedi.

Bunnan tisqari olardin` jasawillar ta`repinen qorliqqa ushirawi haqqinda aytip o`tken.

*Du`nya aytshi pende ne qaslig`in` bar?*
*Juwhalanip qayda baslag`an edin`?*
*Peylin`di Nawayi, Maqtumqulilar*
*Aytqanda hesh qulaq aspag`an edim.*

Bunda shayir du`nyag`a bolg`an nalishin qay ta`repke baslag`anin so`z etedi. Ha`tteki Nawayi, Maqtumquli usag`anlig`inda aytip o`tken.

Watan bergen biraq ayra tu`sken qostarinan ayra tu`skenin ha`m zamannin` ashshi suwlarin ishkenin aytip o`tedi.

*Bermedin` hesh zawqi sapasi menen*

Shayirdin` bul qosig`inda ha`siretli zamanda jasag`anin ko`riwimizge boladi. Shayirliq o`miri bergenligin ha`tteki o`zin Paqmus qusina ten`egenligin ko`riwimizge boladi.

Qosiqshiliq talantin bergenin biraq basshilarg`a jaqpag`ani tuwrali aytip o`tedi. Shayirdin` bul qosig`inda insan qayg`i da`rti tuwrali so`z etken.

*Insan qayg`i – da`rtin, du`nya, egerde,*
*Jiliniwg`a sonday payizli bilsen`,* -
*Tek bir zaman g`ana men turg`an jerde,*
*Bul otqa jaqinlap isinip ko`r sen.*

Bunda xaliqtin` azap aqiretleri o`zinin` ju`reginde saqlag`anin, bir ku`nleri o`zinin` du`nyadan o`tetug`inin, keyinshelik yadqa aliwin aytip o`tken.

b) İ.Yusupovtın` «Ayt, sen, A`jiniyazdın` qosıqlarınan» shıg`armasında shayır obrazı

İ.Yusupov o`z qosıqlarında klasskialıq a`debiyatımızdın` wa`kili A`jiniyaz Qosıbay ulı do`retiwshiligin ko`rkem a`debiyattag`ı obrazın ha`r ta`repleme su`wretlep bere aldı. İ.Yusupov aytqanınday, A`jiniyazdın` qosıqların esitkende, insan kewli la`zzetke bo`lenip, «qayta bastan go`ne da`rti qozg`alıp», o`mir su`riwge ha`wesi artadı, ruwxında bir jiger payda bolıp, qıyalına qanat pitedi, o`ytkeni, bul shayır xalıq ju`reginde ruwxıy sulıwlıq tımsalına aynalg`an.

İ.Yusupovtın`, a`sirese, «Ayt sen A`jiniyazdın` qosıqlarınan» shıg`armasın alıp qaraytug`ın bolsaq, bull qosıqta İ.Yusupov A`jiniyazdın` poeziyasındag`ı ornın ko`rsetip beredi.

Onın` o`z elin su`yetug`ın patriot shayır ekenligin, hayal-qızlardın` sheber su`wretlewshisi, haqıyqıy muxabbat jırshısı ekenligin bir g`ana «Bozataw» poemasında pu`tkil xalıqtın` kewil-keshirmelerin su`wretlep bergen, qaraqalpaq xalqının` shadlı da`wrandı a`rman etetug`ınlıg`ın jazadı. İ.Yusupovtın`:

Qosıq da`r`ya-da`r`ya nur bolıp aqsın,
Ishqısız janlarg`a ıshqı otın jaqsın,
Qız jigitke jılwa-naz benen baqsın,
Ayt, sen A`jiniyazdın` qosıqlarınan!-

degen qatarların oqıp otırıp, A`jiniyaz poeziyasının` mine usınday ku`shke iye ekenligin, ol qız-jigitlerdin` obrazın sheber su`wretlep, jetkizip bere alg`anlıg`ın ko`riwimizge boladı.

Ayt, sen «Bozataw»dı namag`a salıp,
Eljiremegennin` bawırı tas bolsın.
Qaraqlpaqtın` go`ne da`rti qozg`alıp,
Shadlı da`wranına bu`gin ma`s bolsın.

Shayır gezgen sho`lde bostanlar bayıp,
Zarlı zaman boldı ko`zlerden g`ayıp,
Bir ilham perisin ko`rdim a`jayıp,
Ayt, sen A`jiniyazdın` qosıqlarınan!

Bul qatarlarda Bozataw waqıyasındag`ı xalıqtın` basına tu`sken awır ku`nleri tek A`jiniyazdın` emes, pu`tkil xalıqtın` ayralıq azapları jaqtı ku`nlerdi an`sawın ko`remiz.

Shayır İ. Yusupov «Ayt, sen A`jiniyazdın` qosıqlarınan» shıg`armasında A`jiniyaz shayırdın` ruwxıy du`n`yasın ashıp beriw arqalı shayır obrazına o`z izzet-hu`rmetin bildiretug`ınlıg`ın to`mendegi qatarlardan ko`riwimizge boladı.

Men onı tın`lasam, qalmay taqatım,

Kewlimde bir g`oshshaq bu`lbil sayrag`an.
Men onı tın`lasam, tuwg`an elatım,
Jer ja`nneti bolıp ko`riner mag`an.

Juldızlardı jerge u`n`iltpek bolsan`,
Jaman shayırlardı tu`n`iltpek bolsan`,
Eger men o`lgende tirilpek bolsan`,
Ayt, sen A`jiniyazdın`  qosıqlarınan!

v) İ.Yusupovtın` «A`jiniyaz» qaraqalpaq milliy operasında  shayır obrazının` sa`wleleniwi

2. İ.Yusupovtın` publitsistikalıq maqalalarında shayır obrazının` payda bolıwı

a)  A`jiniyazdın` 1975-jılg`ı qosıqlar toplamında  «Dala Orfeyi» ataması menen ja`riyalang`an alg`ı so`z

İ.Yusupov A`jiniyaz do`retiwshiligi menen ju`da` qızıqqan, onın` shıg`armaların baspada ja`riyalawda belsee qatnasqan. A`jiniyaz shayırdın` 1975-jılı shıqqan Tan`lamalı shıg`armalar toplamının` alg`ı so`zin shayır İ.Yusupov jazıp, ol« Dala Orfeyi» dep ataladı.

A`yyemgi grek mifologiyasında Orfey degen a`psanawiy sazende bar. Ol o`zinin` kifara dep atalatug`ın saz a`sbabın shertkende, ha`tte, esken samal, ag`ın suwlar tınıp, haywanatlar qulaq tu`rip turadı eken. Onın` o`zine de, sazına da eller intizar, sulıwlar ashıq. Al sazende jigit bolsa o`z dilbarı Evridikanın` ıshqında du`n`yanı saz benen jan`latıp, ta`biyat qushag`ında sayran etedi. Biraq ku`nlerdin` bir ku`ni Orfey baxıtsızlıqqa duwshar bolıp qaldı, onın` su`ygen qızın jılan shag`ıp o`ltirip qoydı. Qayg`ılı Orfey o`z muhabbatın joqlap o, du`n`yag`a keledi ha`m jer astındag`ı Aid patshalıg`ın o`zinin`            ilahida sulıw sazı menen sıyqırlap, Evridikanın` janın sorap qaytadı…

A`jiniyaz shayırdın` obrazı, o`mir ta`g`diri bazda usı a`yyemgi sa`zende Orfey jo`nindegi go`ne ra`wayattı yadqa tu`siredi.

A`jiniyazdın` watanshıllıg`ı menen gumanistligi shayırlıq ma`deniyatındag`ı o`zinsheligi onı o`z zamanlaslarının` arasında o`zgeshe bir to`be etip ko`rsetip turadı. «Bul du`n`yanın` ko`rki adam balası», «Jer ha`m el bilendur, el ha`m jer bilen» degen eki jol qosıg`ı A`jiniyazdın` pu`tkil shayırlıq miyrasına epigraf bolar edi.

A`jiniyaz da o`z gezeginde Maqtımqulının` qosıqların awdarıwda og`an ku`shli do`retiwshilik mu`na`sibette bolg`an. Bazda ol, joqarıda aytılg`an da`stu`rine a`mel qılıp, Maqtımqulının` ayırım qosıqlarının` u`lgisin paydalanıw arqalı sheber usta pishken u`lgi negizinde o`zinin` tu`p nusqalı ku`shli qosıqların do`retken. Mısalı, A`jiniyaz Maqtımqulının` «Bolmasa» redifli qosıg`ının` u`lgisine de jazadı, qosıqtı to`mendegishe qatarlar bar:

Du`n`yada Ziywardek da`rtli kisi yoq,
Biyda`rtlerdin` anın` bilen isi yoq,
Yalg`anshıda xa`rre ko`n`il xoshı yoq,
Yarı - ulpet biradarı bolmasa.

Shayırdın` ornı tiykarınan onın` o`z do`retiwshilik ta`g`dirin xalıq ta`g`diri menen, zaman ag`ımı menen qanshelli teren` baylanıstıra biliwinen ko`p g`a`rezli boladı. Usı ko`z-qarastan alg`anda A`jiniyaz o`z bilimin, o`z talantın xalqına, zamanına biyik ja`miyetlik maqset gu`resine xızmet qılıwdı bilgen, o`z da`wirinin` ozıq oylı shayırı bolg`anın ko`remiz. Onı bu`gingi jan`a awladlar aldında da «kimsen` A`jiniyaz » etip turg`an bas xızmeti usında bolıp tur.

A`jiniyaz o`tkendegi qaraqalpaq poeziyasının` zaman jolawshılarına alıstan munarlanıp ko`rinetug`ın boz dumanlı «bes to`besi» nin` biri, onın` tusınan o`tip baratırıp, ne degen a`rmanshıl jan bar onda dep oylaysan` ha`m shayırdın` qosıqların ın`ıldap esinn`e alasan`:

A`lipdek qa`wmetin` daldek bu`gildi,
Ko`zlerimnen qanlı yashım to`gildi,
Jol boyına u`ygen hasıl ju`gimdi,
Bazarg`a eltkendey ka`rwan bolmadı.

Da`rek yoq ushırg`an quba qushımnan,
Ba`ha`rim tarqadı erte pesinnnen,
Ka`rwan o`tken waqta menin` tusımnan,
Ko`n`il mu`lkim jolg`a a`njam bolmadı.

Sırım pash epedin` ha`rgiz hesh kimge,
Sıtamker a`yledim jang`a besh ku`nde,
Gu`zar da`rbentine quwg`an ko`shkinde,
Da`rtimdi da`rtleser miyman bolmadı.

«Dala Orfeyinin`» ha`wijli sazın shın ıqlası penen tın`lap ra`ha`tlenedi.

Solay etip, shayır İ.Yusupovtın` poeziyasında A`jiniyaz shayırdın` obrazı eki bag`dardag`ı jumıslarında, birinshisi, shayır do`retken ko`rkem shıg`armalarda ha`m ekinshisi, İ.Yusupovtın` shayırdın` ulıwma do`retiwshiligine sıpatlama berip o`tken maqalalarında payda boladı.

**A`jiniyaz shayır do`retiwshiligindegi ideyalardın` İ.Yusupov poeziyasında sa`wleleniwi**

Shayır İ.Yusupovtın` do`retiwshiliginde A`jiniyaz poeziyasında jırlang`an ideyalardın` payda bolıwı nızamlı qubılıs desek aljaspaymız. Ma`selen, shayırlardın` do`retiwshiligindegi filosofiyalıq lirikada uqsaslıqlardı ko`rip o`tiwimizge boladı.

a) A`jiniyazdın` «Bolmasa» ha`m İ.Yusupovtın` «Dos-yaranın` bolmasa» qosıqları mısalında

Yaranlar bir so`zdi aytayın sizge,
Yigit geze bilmes yoshı bolmasa,
Aqıl bolsan` pa`him a`yle bul so`zge,
Nege gezsin kewil xoshı bolmasa.

Ma`rt bilen na`ma`rtti ayırar sawash,
Sawash maydanında kerek qarındash,

A`jiniyaz shayırdın` «Bolmasa» qosıg`ında jırlang`an ideyag`a u`nleslik shayır İ.Yusupovtın` «Dos-yaranın` bolmasa» degen qosıg`ında seziledi.

İ.Yusupovtın` «Dos-yaranın` bolmasa» qosıg`ınan mısallar keltirsek:

O`mirde ne la`zzet bar, dos-yaranın` bolmasa,
Jan degen menen janbas, o`z jananın` bolmasa.
Jılg`alar jıljıp tu`ser ba`lent tawdın` basınan,
Olsız ma`wjirip aqpas da`r`yaların` bolmasa.

Bir dushpan ko`plik eter, dosların` mın` bolsa az,
Sun`qar qusqa jarasar jalg`ız a`ylemek pa`rwaz.
G`a`ripke Sa`nem bolmas biyopalı sa`rbinaz,
Qasında qa`dir biler miyribanın` bolmasa.

Bu`lbil qus qalg`ıp ketse, gu`lin ko`rer tu`sinde,
Jat jurtta ju`rgen adam elin ko`rer tu`sinde.
Qulan-kiyik sekirip oynar o`z sho`linin` ishinde,
Bazergende bazar bolmas, qarıydarın` bolmasa.

Qatnasar qarındassız el-jayın`da ne sa`n bar,
Barıs-kelis qılmasan`, ag`ayında ne sa`n bar.
Dosları ilham bermese, İbrayımda ne sa`n bar,
Eli - xalqın`, dos-yaranın` - qa`dirdanın` bolmasa.

Bul qosıqta ha`r kimnin` dos-yaranı, opalı yarı bolsa o`mirde la`zzet boladı, kisinin` jat jurtta ju`rgeni menen o`zinin` elindey bolmaydı, ja`ne de ag`ayinnin` qa`diri olar menen jaqsı qarım-qatnastı so`z etedi.

Al qlassikalıq a`debiyatımızdın` wa`kili A`jiniyazdın` «Bolmasa» qosıg`ında bolsa ha`r kimnin` shiyrin tilli hayalı bolsa, ja`ne de jat jurtta ju`rip sheker menen, pal ishkeni menen ba`ri bir tuwg`an-tuwısqanına dos-yaranına, o`z eline jetpeytug`ınlıg`ın su`wretleydi. Usı eki qosıqtı salıstıra otrırıp, to`mendegishe filosofiyalıq juwmaq jasaymız. Eki shayırdın` qosıg`ında da insan o`miri eli-xalqı,

dos-yaranı, qa`dirdanı, yarı menen qa`dirli boladı degen juwmaq shıg`arıwg`a boladı.

A`jiniyazdın` «Bolmasa» ha`m İ.Yusupovtın` «Dos-yaranı bolmasa» degen eki qosıqtı salıstırmalı oqıy otırıp, ha`r bir qosıqtın` juwmaqlawshı bo`liminde avtordın` o`zinin` haqıyqıy atı yamasa a`debiy laqabın keltirip o`tiw da`stu`rin A`jiniyaz shayır payda etkenligin ko`remiz, bul da`stu`r İ.Yusupovtın` qosıg`ında da ta`kirarlang`an.

2. Muxabbat yamasa hayal-qızlar teması

A`jiniyaz do`retiwshiligin teren` analiz jasaytug`ın bolsaq, onın` ko`pshilik shıg`armaları muxabbat yamasa hayal-qızlar temasına bag`ıshlang`anlıg`ın ko`rip o`tiwimizge boladı. Ma`selen, A`jiniyazdın` «Go`zzallar», «Sa`wdigim», «Dildarım», «Bozatawlı na`za`lim» ha`m t.b. qosıqların atap o`tiwimizge boladı.

A`lbette, muhabbat teması ha`r bir shayır do`retiwshiliginin` belgili bir bo`legin quraytug`ınlıg`ın ba`rshemizde ju`da` jaqsı bilemiz.

İ.Yusupovtın` «Ko`zimnin` ag`ı-qarası qızlar» qosıqları mısalında

b) A`jiniyazdın` «Sa`wdigim» ha`m İ.Yusupovtın` «Sallana-dolana keler bir ja`nan» qosıqları mısalında

I. A`jiniyaz do`retiwshiligindegi janrlıq formalar

1.A`jiniyazdın` ha`m İ.Yusupovtın` rubayıları

Rubayı-«to`rtlik» so`zinen kelip shıqqan bolıp, lirkanın` bir janrı sıpatında jasap kiyatır. To`rt qatardın` o`zinde pu`tin bir filosofiyalıq oy-pikir ja`mlenedi. Rubayıda uyqas  sxeması boyınsha aaaa yamasa aava tnde keledi. Bul uyqastın` tu`ri Ku`nshıg`ıs klassikalıq poeziyasında a`yyemnen bar bolıp, onı qaraqalpaq a`debiyatına A`jiniyaz shayır alıp kelgen. Ma`selen, qaraqalpaq a`debiyattanıw iliminde A`jiniyaz shayırdın` to`mendegi qatarların rubayı janrlıq formasında jazılg`arma sıpatında qarastıradı:

Qasqaldaqqa bir ag`arı may pitse,
G`an`qıldasıp qonar ko`lin tanımas,
Patshanın` da`wleti qaytayın dese,

Ko`zine may pitip elin tanımas.

Qosıq tek to`rt qatardın` o`zinde belgili bir filosofiyalıq oy-pikirdi ja`mlep beriwi menen ko`zge taslanadı, al wyqası shalıs uyqas formasında kelgen, yag`nıy birinshi ha`m u`shinshi qatarlarındag`ı pitse ha`m dese so`zleri uyqasqa tu`sse, ekinshi ha`m to`rtinshi qatarlarındag`ı ko`lin tanımas – elin tanımas so`z dizbeklerinin` uyqasqa tu`siwi arqalı to`rtlikte shalıs uyqas ju`zege kelip tur.

XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatında usı to`rtlik formasındag`ı qosıqlardı İ.Yusupovtın` do`retiwshiliginde de ko`plep ushıratıwımızg`a boladı. Ol bul janrlıq formada shıg`arma do`retkende, a`lbette, qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatımızdın` wa`kili A`jiniyaz shayırdın` do`retpelerin o`zine u`lgi etip alg`an desek qa`telespeymiz.

Sebebi ha`r qanday a`debiyatqa janı qumar insan o`zine kerekli na`rseni, (bul jerde ideya, janrlıq forma na`zerde tutılmaqta) en` birinshi ,
o`z milliy a`debiyatınan izleydi. Sol qag`ıydanı esapqa alatug`ın bolsaq, shayır İ.Yusupovtın` to`rtlikleri de A`jiniyaz shayır da`stu`rlerinin` dawamı sıpatında qarastırılsa boladı. Demek, birinshi o`z milliy a`debiyatın u`yrengen shayır keyin ala basqa a`debiyatlarda da usınday janrlıq formalardı basqa milliy a`debiyatlardan izlewi mu`mkin ha`m olardın` arasındag`ı o`zgesheliklerdi, uqsaslıqlardı u`yreniwi mu`mkin.

İ.Yusupov poeziyasındag`ı to`rtliklerde tek kishkene g`ana minatyuralıq to`rt qatardın` o`zinde –aq bir pu`tin filosofiyalıq oydı ja`mley alg`an.Ma`selen:

Du`n`ya az waqtında ba`rine jeter,
İnsan paqır azg`a qanaat eter,
Du`n`ya bolg`an sayın Na`psi degen iyt,
Shınjırın julqılap, qutırıp keter.

Shayır tek to`rt qatarlı qosıqtın` o`zinde u`lken filosofiyalıq juwmaq jasaydı, yag`nıy, mal-du`n`yanın` ko`pligin shınjırlang`an ashıwlı iyttin` halatın sa`wlelendiriw arqalı salıstırıp bermekshi boladı. Usı qatarlar arqalı du`n`ya-malı ko`p bay adamlardın` psixologiyasın jetkerip beredi.

Aqılg`a ug`ras kelmes bu`l u`lken du`n`ya,

Ayı, ku`ni ha`mmelerge ten` du`n`ya,

İnsan peyli tarılg`anda biraq ta,

Eki adamg`a tarlıq eter ken` du`n`ya.

Mısalg`a alıng`an to`rtlikte de shayır İ.Yusupov insannın` psixologiyası tuwralı juwmaqlang`an filosofiyalıq pikirdi bildiredi, adamnın` ken` peyilligi du`n`ya ken`ligi menen salıstırılıp, eger, adam usı boyındag`ı adamgershilik pazıyletlerin joyıtsa, du`n`yanın` ken`ligi bir pul bolıp, pu`tkil a`lem eki adamdı sıydıra almay qalar eken. Demek, shayır o`z oqıwshısına adamgershilik pazıyletlerdi hesh qanday jag`dayda esten shıg`armaw kerekligin uqtıradı ha`m usınday ideyanı insanlarda ta`rbiyalawdı maqset etedi. To`rtilkte «du`n`ya» so`zi bir neshe ma`rtebe ta`kirarlanıp, qosıqtın` ideyalıq mazmunın teren`lestiriwge mu`mkinshilikler jaratadı. İtibar berip qarasaq, İ.Yusupovtın` to`rtliklerinde «du`n`ya» so`zi bir qansha ret ta`kirarlanadı, bul so`z bir neshe ma`nilerde qollanılıp, insanniyattın` usı du`n`yada jasap, mal-du`n`yag`a erisiw jolında o`lip ketiwi mu`mkinligin uqtırıp atırg`anday ko`rinedi. Usı jerde ja`ne bir to`rtlikti mısalg`a keltirsek:

O`mirdin` ko`bi o`tip, azı qaldı,

Du`n`ya tu`lki jetkizbey tazı qaldı,

Jaslıqta ko`p jandırg`an jananlardın`,

Kempir ko`ylek ishinde nazı qaldı.

Demek, avtor bul to`rtlikte de filosofiyalıq oy-pikirlerin juwmaqlastıra kele, du`n`yanı quwg`an menen tu`lki sıyaqlı jetkizbey, onı quwg`an tazı jartı jolda qalıwı mu`mkinligi sıyaqlı mal-du`n`yanı toplaw maqsetinde o`mir boyı ju`girip jortqan adam da tek g`ana  jartı jolda qalıp ketiwi mu`mkin, al adamnın` o`mirinin`, ulıwma barlıq na`rsenin` ba`ha`ri, jazı, gu`zi ha`m qısı boladı degen filosofiyalıq juwmaq jasalıp atırg`anday tu`yiledi.

Shayır İ.Yusupov to`rtlikleri A`jiniyaz do`retken to`rtlikler sıyaqlı a`piwayı barmaq sistemasında jazılg`an, uyqasları aava sxemalıq ko`rinisine iye.

Ulıwma eki shayır do`retiwshiligindegi to`rtlikler de insannın` ju`rek to`rindegi sezimlerdi, o`z oylap ju`rgen pikirlerin esine salıp turg`andlay ko`rinedi.

Shıg`arma qaysı da`wirde jazılıwına qaramastan, qaysı da`wir adamı owına qaramastan ol tek sen ushın arnap jazılg`an sıyaqlı ko`rinedi, a`lbette, bul shayırlardın` sheberliginen derek beredi.

## Muxammesler

Lirikalıq shıg`armada lirikalıq qaharman keshirmesin sa`wlelendiriwde olardın` sırtqı formalıq du`zilisi de ayrıqsha a`hmiyetke iye. Qaraqalpaq poeziyasında sırtqı formalıq du`zilisi menen o`zgeshelenetug`ın, yag`nıy janrlıq qa`siyetleri, qatarlar sanı menen belgilenetug`ın muxammesler lirikamızdın` mazmunlıq ha`m formalıq bayıg`anlıg`ının` haqıyqıy da`lili sıpatında shayırlarımız do`retiwshiliginen orın alıp kelmekte

Qaraqalpaq poeziyası o`zinin` ko`p tu`rli janr ha`m formaları menen ajıralıp turadı. Ha`r bir janr ha`m forma o`zinin` atqaratug`ın roli ha`m ko`teretug`ın ma`selesi menen poeziya atalg`an bir tu`tinliktin` belgili mu`shesin quraydı.

Qaraqalpaq poeziyasında ko`p ha`m ken` tarqalg`an lirikalıq formalardın` biri-muxammesler.

Lirikanın` bir forması esaplang`an muxammeslerdin` a`debiyatımızg`a keliwi ha`m rawajlanıwı haqqındag`ı mag`lıwmat usı formanı poeziyamızg`a endirgen dep ta`n alıng`an A`jiniyaz ha`m onı ha`r ta`repleme rawajlandırg`an İ. Yusupov do`retiwshiligi menen shug`ıllang`an ilimpazlardın` miynetlerinde ko`rinedi. N. Dawqaraev, İ.Yusupov, K.Bayniyazov, N.Japakov, A.Murtazaev, B.Kalimbetov, K.Mambetov t.b.

XIX a`sir basqa da ko`pshilik xalıqlardın` tariyxındag`ı sıyaqlı qaraqalpaq xalqının` tariyxında da og`ada u`lken a`hmiyetke iye da`wrlerdin` biri boldı. Bul da`wirdegi qaraqalpaq shayırlarının ishinde ayrıqsha o`zinshelikke iye wa`killerdin` biri A`jiniyaz boldı. A`jiniyaz ko`p izertlewshilerdin` durıs ko`rsetkenindey, XIX a`sirdegi qaraqalpaq shayırlarının` ishinde o`zinin` bir qatar ayrıqshalıqları menen ko`zge tu`sedi.

“Muxammes - (arabsha beslik so`zinen alıng`an) bes qatardan turatug`ın bir neshe ba`ntlerden ibarat lirikalıq janr”. Qosıqtın` bul forması Shıg`ıs xalıqlar

a`debiyatında sonın` menen birge tu`rkiy a`debiyatta da en` o`nimli qollanılatug`ın, jetekshi orın iyeleytug`ın forma esaplanadı

Shayır muxammeslerinde ıshqı- muxabbat, ayralıq, sag`ınısh, o`kinish, su`yiniw, tolqınlanıw usag`an ishki sezimlerdi ruwxıy tolg`anıslardı beredi.

Gezdim ol nog`ay, orısnı ha`m Orınbor qalasın,
Keshe ku`ndiz zar etip, a`ylep qudag`a nalasın,
A`lime alıp waraqnı yad etip kim xamasın,
Xat qılıp jazdım qag`azg`a bul muxammes namasın,
Ah, dariyg`a, wah dariyg`, mın` sanlı a`rman shıqtı jan

A`jiniyaz shayırdın` "Kera`k" muxammesi ha`zil da`lkek temasına jazılg`an. "Qaraqalpaq shayırları satiralıq obrazlar jaratqanda en` birinshi gezekte xalıqlıq satiranı tirek etip aladı, onın` ko`rkemlik mu`mkinshiliklerin ken` paydalanadı"

A`jiniyazdın` qaraqalpaqsha muxammes jazıw ta`jiriybesi o`zinen son`g`ı qaraqalpaq shayırları ta`repinen dawam ettirilip ha`m rawajlandırılıp bardı

S. Ma`jiytov qa`lemine tiyisli "25- oktyabr`" shıg`arması muxammes formasında jazılg`an. Uyqasıw ta`rtibi a-a-a-a-a, b-b-b-a-a, v-v-v-a-a h.t.b. formasında, buwın sanı 14-15 buwın.

A. Begimovtın` 1946-jılı jazılg`an, "Harmasın" shıg`arması da da`stu`riy a-a-a-a-a, b-b-b-b-a, v-v-v-v—a tu`rinde uyqasada 14-15 buwınnan ibarat bolıp, tematikası nama ta`rtibinde jazılg`an

B. İsmaylovtın` 1944- jılı jazg`an "Biz tuwılg`an gu`listan" shıg`arması da da`stu`riy muxammes formasına juwap beredi, tek g`ana mazmunında urıs temasın sa`wlelendirgen

A. Shamuratov do`retiwshiligine tiyisli muxammesleri A`jiniyaz ta`repinen engizilgen da`stu`riy formanı tu`p negizinen jan`alag`an. Shayırdın` 1939-jılı jazılg`an muxammesi a-a-a-b-b tu`rinde uyqasadı, 7-8 buwınnan bes qatardan ibarat. Mine, bunnan ko`rinip turıptı muxammesler a`debiyatımızg`a enisip onın` ishki nızamlıqları menen aralasıp, iykemlesip barmaqta.

Bir tutas qaraqalpaq poeziyasında XIX a`sirde Berdaq penen A`jiniyaz, XX a`sirde Abbaz benen İbrayım Yusupovtı mudamı so`nbeytug`ın jarqın juldızlar dep esaplawg`a boladı.

XX a`sirdin` 50-jıllarınan baslap qaraqalpaq shayırlıq du`n`yası o`zinin` jan`arıw, izleniw shen`berin ken`eyte basladı. Poeziya o`zinin` rawajlanıw jolında jan`a basqıshqa ko`terildi. Mine, usı jan`a a`debiy ha`reket talantlı shayır İbrayım Yusupovtın` atı ha`m do`retiwshiligi menen tıg`ız baylanıslı.

Qaraqalpaq a`debiyat ilimi menen a`debiy sınında İ. Yusupovtın` do`retiwshiligi boyınsha bir neshe a`debiyatshılardın` sabaqlıqları, monografiyaları, arnawlı izertlewleri ken` ko`lemli maqalaları baspadan shıqtı. Olarda a`debiyatımızdın` a`jayıp tulg`asının` kelbeti biraz darejede ashılg`an dep esaplawg`a boladı

Shayır İ. Yusupovtın` 1950-jılı jazılg`an “Muxalles” dep atalg`an muxammesi 14-15 buwınnan ibarat, da`stu`riy (a-a-a-a-a, b-b-b-b-a, v-v-v-v-a) uyqasta jazılg`an. Muxammes ashıqlıq mazmunına yag`nıy yar jamalın ta`riyeplewge qurılg`an. Avtor shıg`armasında qaraqalpaq tilinin` so`zlik baylıg`ınan meylinshe paydalanıp, onı ko`rkemlew quralları ha`m usılları menen ko`rkem torlag`an.

*Qıstın` ku`ni qar guller, yarım sen ju`rgen jerde,*
*Jupar iyis shashar jerler, yarım sen ju`rgen jerde,*
*Bostang`a do`ner sho`ller, yarım sen ju`rgen jerde,*
*O`zgeshe sayrar bu`lbiller, yarım sen ju`rgen jerde,*
*Qa`demin`e qoyılg`an jer, yarım sen ju`rgen jerde.*

Shayırdın` 1964-jılı jazılg`an “O`zbekstan” shıg`arması bes qatardan 8-9 buwınnan, ha`r bir ba`nti a-a-a-b-b tu`rindegi uyqastan ibarat

1961-1966 jıllar aralıg`ında do`retken “Tuwılg`an jer” muxammesi shayırdın` tuwılıp o`sken jeri Shımbay elin jırlawg`a arnalg`an. Shıg`arma 7-8 buwınnan, bes qatardan, a-a-a-b-b tu`rindegi uyqastan ibarat.

“Shayır Ten`elbayg`a” dep atalg`an bes qatarlı muxammesi shayır Ten`elbay Sa`rsenbaevtın` usı atamadag`ı qosıg`ına arnalg`an. Muxammes 11

buwınnan, birinshi ba`nti a-a-b-a-a, qalg`an ba`ntler a-a-a-b-b tu`rindegi uyqastan, bes qatardan ibarat. Shıg`arma ha`zil da`lkek mazmunına qurılg`an.

Qaraqalpaq a`debiyatında İ. Yusupovtan basqa bul formada qa`lem terbetip atırg`an shayırlarımız ko`pshilikti quraydı, olar-T.Jumamuratov, K.Raxmanov, K.Dosanov, T.Seytjanov, J.İzbaskanov t.b.

Muxammes bes qatardan ibarat, bir neshe ba`ntlerden turatug`ın, aruz o`lshemine tiykarlang`an, 14-15 buwınlı qosıq forması. Onın` u`yqasıw ta`rtibi a-a-a-a-a, b-b-b-b-a, v-v-v-v-a h. t. b

Muxammestin` belgili o`lshemge salınıp ga`p bo`leklerinin`, qatarlarının`, ba`ntler arqalı ta`krarlanıwın ha`m onın` muzıkalılıg`ın ta`miynlep, sezimlerimiz arqalı qabıllanıwına negiz jaratatug`ın qosıq qurlısının` elementi ırg`aq bolıp esaplanadı.

Muxammestin` da`stu`riy uyqası a-a-a-a-a, b-b-b-b-a, v-v-v-v-a, h. t. b. Biraq, ha`zirgi poeziyamızdın` muxammestin` usı da`stu`riy formasın saqlag`an halda muxammesler do`retiw menen birge, uyqasıw ta`rtibi tu`rlishe muxammesler de ushırasadı.

Muxammes arab poeziyasında aruz sistemasında do`retilgen.Ha`zirgi qaraqalpaq poeziyası,fol`klorlıq poeziya da barmaq o`lshemi negizine qurılg`an.Solay eken,qaraqalpaqsha muxammesler milliy tilimizdin` nızamlarına boysıng`an halda barmaq o`lshemine negizlenedi

Muxammes-bes qatardan turatug`ın ba`ntlik forma. Ha`zirgi qaraqalpaq poeziyasında muxammes o`zinin` do`reliw da`wirindegi klassikalıq formasınan da mazmunınan da o`zgeriske ushırag`an. Ha`zirgi poeziyadag`ı muxammesler forması boyınsha erkin.Ol lirikanın` janrlıq tu`rine,mazmunına baylanıslı iykemlespekte

Juwmaqlap aytqanda ha`r qanday talantlı shayır qanday formadan paydalanıwına qaramastan obraz jasawda turmıstag`ı mayda-shu`ydenin` a`tirapında qalıp qoymastan onın` en` a`hmiyetli ta`replerine dıqqat awdaradı. Bul shayırdın` talantı menen talg`amına sheberligi menen du`n`yag`a ko`z qarasına

baylanıslı. Mine, usı jag`dayda g`ana teren` estetikalıq ma`nige iye shayırlıq fantaziya menen suwg`arılg`an adam o`mirinin` kartinası jasaladı.

**T.Ma`tmuratov do`retiwshiliginde A`jiniyaz da`stu`rleri**

A`debiyattag`ı da`stu`rler shayır-jazıwshılar ta`repinen ha`r tu`rli paydalanılıwı mu`mkin, ma`selen, belgili bir shayır jaratqan obrazlar sisteması, shayır ideyasın jetkerip beriw ushın qollang`an janrlıq formalardı, ideyalıq mazmun uqsaslıqları, sol ideyalardın` rawajlanıwı ko`zge taslanıwı mu`mkin. Shayır T.Ma`tmuratovtın` poeziyasında A`jiniyaz shayır poeziyasına u`nleslik seziledi, T.Ma`tmuratov A`jiniyaz shayırdı o`zinin` ustazı dep esaplap, onın` poeziyasınan na`r alg`an.

En` da`slep sonı aytıp o`tiwimiz kerek, qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatı wa`killerinin` poeziyasındag`ı tiykarg`ı da`stu`riy qosıq forması XX a`sirdegi barlıq shayırlardın` do`retiwshiliginin` tiykarın quraydı. Mısalı, T.Ma`mturatovtın` «Jaqsılıq sarayı» degen toplamında ja`riyalang`an qosıqlarının` yarımınan ko`bi da`stu`riy qosıq formasında jazılg`an.

A`jiniyaz shayır do`retiwshiliginde muhabbat temasın, hayal-qızlardın` go`zzallıg`ın ayrıqsha jırlag`an. Usı da`stu`r ha`r bir shayır do`retiwshiligine ta`n bolıp, shayır T.Ma`tmuratovtın` poeziyasının` da`slepki basqıshında ayrıqsha ko`zge taslanatug`ın tema jaslıq teması, muhabbat teması ekenligin akad. M.Nurmuxamedov ta`repinen «U`sh shayır» jaslardın` tvorchestvosı haqqında degen maqalasında aytılg`an. İlimpaz shayır do`retiwshiligin tallawg`a tarta otırıp, «jas shayırdın` tvorchestvosındag`ı en` baslı tema muxabbat dep ko`rsetedi. Shayır poeziyasında bul ma`n`gi temanı jan`a boyawlar menen nag`ıslap bere aladı. Bul shayırdın` sheberliginin` o`sip baratırg`anlıg`ının` ayqın mısalı boladı»[16] - degen pikirdi bildiredi.

Shayır T.Ma`tmuratov «Ba`ri seniki bolsın» degen qosıg`ının` epigrafı sıpatında A`jiniyaz shayırdın` «Sadag`a» qosıg`ının` «Alg`a`rez, du`n`yanın` ba`ri sadag`a» degen bir qatarın qollanadı. A`jiniyaz shayırdın` «Sadag`a» qosıg`ınan alıng`an bir qatardın` o`zi-aq, T.Ma`tmuratovtın` qosıg`ının` ideyalıq mazmunın

---

[16] M.Nurmuxamedov «U`sh shayır», «A`miwda`r`ya», 1971 №4

belgilep beredi. Lekin, shayır T.Ma`tmuratov usı A`jiniyaz jırlag`an ideyada toqtap qalmastan sol ideyanı ja`ne de rawajlandıradı. Eger A`jiniyaz shayır «Sadag`a» degen qosıg`ında go`zzal qızdı ko`rgen ha`r bir adam og`an ashıq bolıp qalıp, al lirikalıq qaharman bolsa sol go`zzal ushın du`n`yanın` ba`rin inam etse, shayır T. Ma`tmuratov bul ideyanı dawam etip kelip, yag`nıy shayırdın` lirikalıq qaharmanı o`z su`yiklisine tolıg`ı menen du`n`yanı sawg`a etedi ha`m shayır T.Ma`tmuratov ideyanı elede rawajlandırıp, lirikalıq qaharman go`zzal qızdın` tek o`zine tiyisli bolıp qalıwın tileydi, sebebi, sol go`zzal yarsız o`mirdin` o`zi de lirikalıq qaharman ushın qızıqlı emes. Bunı to`mendegi qatarlar da`liylleydi:

Sulıwlıq-tawıstın` pa`ri seniki,
Neteyin sa`ni joq sensiz du`n`yanın`,
Alg`a`rez, du`n`yanın` ba`ri seniki,
Tek o`zin` meniki bolsan` bolg`anı.

A`ne, usı ta`rizde shayır T.Ma`tmuratov A`jiniyaz ideyasın ja`ne de rawajlandıradı.

# JUWMAQ

A`jiniyazdın` shayırlıq du`n`yası, onın` do`retiwshiligi qaraqalpaq poeziyasında o`z aldına mektepti payda etti. Ha`r qanday a`debiy mekteptin` keyingi waqıtları jasawı ko`rkem so`z sheberinin` da`stu`rlerinin` dawamılılıg`ında ko`rinedi. A`jiniyaz poeziyasının` keyingi a`wlad shayırlarının` do`retiwshiligen ta`sirin, onın` spetsifikalıq o`zgesheligin qarastırıp o`teyik.

A`jiniyaz shayırdın` talantın on`ın` zamanlasları da ta`n alg`an, ma`selen, xalıq arasındag`ı ra`wiyatlar boyınsha Berdaq shayır A`jiniyazdın` milliy a`debiyatımızdın` rawajlanıwında tutqan ornın teren`rek an`ladı. Berdaq shayır A`jiniyazdın` talantına to`mendegishe baha beredi: «Eger a`piwayı adamlarg`a salıstırg`anda menin` shayırlıq ku`shim altı ese bolsa, A`jiniyazdın` shayırlıq ku`shi on eki ese ku`shli, A`jiniyaz-ag`ıp turg`an da`r`ya, al biz bolsaq tek bir bulaq».

XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatı ko`p a`sirlik fol`klorlıq, klassikalıq qarakalpaq a`debiyatındag`ı bay da`stu`rlerge su`yene otırıp payda bolg`an ha`m sol da`stu`rlerdi jan`artıw arqalı rawajlanıp barg`an. A`jiniyaz shayırdın` a`debiyattag`ı da`stu`rleri XX a`sir qaraqalpaq poeziyası wa`killerinin` do`retiwshiliginde paydalanılg`an ha`m rawajlanıwın tapqan.

A`debiyattag`ı da`stu`rler shayır-jazıwshılar ta`repinen ha`r tu`rli paydalanılıwı mu`mkin, ma`selen, belgili bir shayır jaratqan obrazlar sistemasın, shayır ideyasın jetkerip beriw ushın qollang`an janrlıq formalardı, ideyalıq mazmun uqsaslıqları, sol ideyalardın` rawajlanıwı ko`zge taslanıwı mu`mkin.

Ma`selen da`stu`rler to`mendegishe qarastırılıwı mu`mkin: İ.Yusupov do`retiwshiliginde A`jiniyaz obrazının` sa`wleleniwi, A`jiniyaz shayır do`retiwshiligindegi ideyalardın` İ.Yusupov poeziyasında sa`wleleniwi, A`jiniyaz do`retiwshiligindegi janrlıq formalar.

**A`debiyatlar**

1. İ. A. Karimov  Joqarı ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh, Tashkent, 2008

2. N.Da`wqaraev Shıg`armalarının` tolıq jıynag`ı III tom. No`kis, 1979

3. K.Ayımbetov Xalıq danalıg`ı. No`kis,1988

4.K.Ma`mbetov  «A`jiniyaz», No`kis, 1994

5.A.Murtazaev «Shayırdın` muhabbatı» No`kis, 1988

6.A`.Paxratdinov, K.Allambergenov, M.Bekbergenova XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatı tariyxı, No`kis, 2011